



Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Aprè plizyè semèn kote administrasyon Trump lan te mete plizyè milyon Nouyòkè nan dezòd ak konfizyon, dapre direktiv USDA, mwen te bay ajans yo nan eta a lòd pou yo bay benefis SNAP federal konplè pou mwa novanm nan. Nou atann premye Nouyòkè yo ap kòmanse jwenn aksè ak benefis yo apati dimanch.

Mwen vle fè sa klè, Prezidan Trump detèmine pou l anpeche plizyè milyon ameriken mete manje sou tab yo. Li pran desizyon youn apre lòt pou bloke finansman ki sèvi pou bay fanmi, granmoun aje ak timoun manje — epi li kontinye fè mechanste sa a vin pi grav toujou lè li konteste lòd klè tribinal yo. Sa pa gen sans e li kont tout valè ameriken yo, epi m ap travay san pran souf pou mete fen nan ensètitud sa a pou prèske twa milyon Nouyòkè ki depann de pwogram sa a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)